



Januar / Nzero 2020

kirundi

Genda n'amahoro!

(Luka 7, 50)

**Ugurura umutima wawe!
Open your heart!**

Kontakt: Meinolf Wacker
Kirchplatz 7
59174 Kamen

Mobil.: +49-172-5638432
Mail: meinolf.wacker@go4peace.eu
Homepage www.go4peace.eu

Bakunzi b'Ijambo,

Nari nsanzwe ndamuzi kuva kera kandi naramushima. Niho yahava agafata umugambi wo kwubaka urwiwe. Incuro nyinshi, nari narabonye urukundo rwari hagati yiwe be n'uwo bakundana. Eka rwari rwiza kandi rw'igishika nyaco. Niho rero haza hagera umusi w'ubugeni. Imisi mikeyi imbere y'uyo musu, arampamagara. Arambaza ati : „ndashobora kugusabikaniriza ikindi ku mutima?“. Niho rero yanyiganira ati : „guhura mu ntango z'iyi ndwi, mfise igisa n'umwijima mu mutima. Hari imitongano myinshi mu muryango wanjye, eka no ku mugenzi wanjye, nta kigenda. Ntivyari bwigere bishika na rimwe iyo hose. Sinzi namba igituma bimeze uko. Harinyejejemwo Sekibi ashaka kudasambuzi. Nta mahoro ngifise mu mutima“.

Twaraganiriye iminota mikeyi. Niho rero nahava nkamubwira nti : „urabizi ga Michaela we, iyo Imana ishaka gukora ibintu binini, yama hariho ibintu bikomeye bishaka kubitoba. Kubona muri iyi misi mikeyi yimirije ubugeni uri mu muzimagiza, ni ikimenyetso c'uko uri vy'ukuri mu nzira nyakuri!“ Emwe bwarabaye ubugeni buhimbaye rwose.

Kumwe kwa wa mukenyezi w'umucumuzi tutazi izina mu Nkuru Nziza ya Luka Yezu yugurura umutima, akamwihereza, akumva Yezu amubwira ati : „genda n'amahoro!“, niko nanje nuguruye umutima wa Michaela. Mu kibanza ata na kimwe camuciramwo, yarashoboyekuvuga ivyari bimuremereye ku mutima vyose. Ivyo vyaramufashije gusubira kuronka amahoro mu mutima wiwe.

Burya uronka amahoro muri wewe, igihe udakundiye ibigukoroga be n'ivyiyumviro bibi, eka n'ibishobisho nyene ngo bikuganze. Ba uza urafata akanya k'agacerere. Gamburukira ico kiri mu mutima wawe. Bivuge kandi ubihereze Imana. Ushatse ubiyagire n'umuntu w'umwizigirwa wawe. Kugira ngo amahoro abe muri wewe, fata nkama iri jambo : **ugurura umutima wawe! - Open your heart!**

Kubwa OnWordTeam

Meinolf Wacker